

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

M-DCPS FÈ GWO EFÒ NAN REDUI EGZAMEN

Lekòl Leta Miami-Dade County anonsé resamman Distri a ka fè plis rediksyon toujou nan kantite egzamen yo te mande elèv pran nan ane anvan yo. Nan ane lekòl sa a, nou pral elimine egzamen entèmedyè mitan ane a nan Lekti/Redaksyon Anglè ak matematik pou elèv nan 3yèm jiska 8yèm ane eskolè. Sa reprezante yon rediksyon 12 egzamen nou bay e yon 185 minit adisyonèl nan lè salklas.

Depatman Edikasyon Florid mande pou siveye pwogrè elèv nan sèten egzamen pou evalye fason yo ap pwogrese nan nivo ane eskolè yo. Distri a ap elimine evalyasyon ki doub yo.

Nan otòn 2014, M-DCPS te pran devan nan eta a ak peyi a lè li te premye kòmanse elimine evalyasyon. Nou te redui pwogram Evalyasyon Entèmedyè a pou elimine egzamen otòn ak ivè yo e nou te sèlman kenbe yon evalyasyon nan mitan ane a. Sa te abouti a rediksyon 24 egzamen nou bay, e jiska 260 minit adisyonèl nan lè salklas.

Vè prentan 2015, M-DCPS te elimine prèske tout 300 egzamen Fen Kou eta a te mande e Distri a te devlope e pwograme pou bay elèv jadandanfan jiska 12yèm ane eskolè nan mwa me.

Apwobasyon evalyasyon dyagnostik 'iReady' a kòm yon opòtinite pou pase nan 3yèm ane eskolè te mennen nan eliminasyon yon evalyasyon fen kou lekti estandardize altènativ.

#iATTENDMDCPS, YON INISYATIV PREZANS

Lekòl Leta Miami-Dade County te fè patenarya avèk Depatman Edikasyon Etazini, 'My Brother's Keeper,' STATE Bags, ak 'Roc Nation' pou fè yon rasanbleman distribisyon valiz nan Lekòl Segondè Booker T. Washington. Plis pase 450 elèv ki soti nan 11 lekòl elemantè te resevwa sakado ak founiti klasik e yo te tande istwa motivasyonèl eksitan e reyèl konsènan travay di, devoutman, ak rèv. Ndamukong Suh ki soti nan Miami Dolphins ak reprezantan ki soti nan Mezon Blanch te nan evènman an pou sipòte inisyativ la.



MANJE DEJNE, REPA MIDI NAN M-DCPS E RANPÒTE PRIM

Depatman Manje ak Nitrisyon M-DCPS ap patwone pwomosyon dejne ak repa midi kote elèv gen chans pou yo ranpòte kat kado 'Amazon' nan manje dejne ak repa midi nan lekòl yo chak jou.

Back again by popular demand!

Breakfa\$t Bonu\$ Buck\$ Conte\$t

August 22, 2016 – October 28, 2016

Students who eat school Breakfast each day of the week will automatically be entered in the Breakfast Bonus Bucks Contest!

24 Winners Randomly Selected District-Wide Each Week!

Prize: \$25.00 Amazon Gift Card!

*You must eat school breakfast each day of the week to qualify!



Awe\$ome Amazon Award\$

FREE BREAKFAST DAILY!!

Pou 10 semèn, soti 12 sepanm – 18 novanm 2016, nou ap antre otomatikman tout elèv ki manje repa midi chak jou nan semèn nan, nan Konpetisyon Repa Midi "Magnificent Mini Mondays" (Ti Lendi Mayifik) la. Chak semèn, nou ap seleksyonе nimewo Idantite 25 elèv, ki manje repa midi chak jou nan semen sa a, pou yo ka resevwa yon kat kado Amazon \$15. Tout elèv nan Distri a elijib pou seleksyon pa aza nou ap fè chak semèn nan si yo manje repa midi nan lekòl la chak jou nan semèn sa a.



MINI-MONDAYS!

SEPTEMBER 12, 2016 – NOVEMBER 18, 2016



MINI TWIN CHEESEBURGERS!



MINI TWIN BBQ RIB SANDWICHES!



MINI TWIN CRISPY CHICKEN SANDWICHES!



MINI TWIN VEGGIE CHEESEBURGERS!

'SANDY HOOK PROMISE' CHWAZI M-DCPS POU FÈ LANSMAN NASYONAL PWOGRAM PREVANSYON VYOLANS

Kòm yon pati nan inisyativ nou an "Values Matter Miami" (Valè Enpòtan nan Miami), Lekòl Leta Miami-Dade County ap fè patenarya avèk Sandy Hook Promise, yon òganizasyon ki pa la pou pwofi, ki konsantre sou prevansyon vyolans pou okenn paran pa fè eksperyans pèdi pitit li. Patenarya sa a pral gen ladan fè aktivite Semèn 'Start With Hello' nan Lekòl Leta Miami-Dade County pandan semèn 19-23 septanm 2016 la. Inisyativ 'Start With Hello' ogmante konsyantizasyon sou izolasyon e sosyal li souliyen enpòtans pou kreye koneksyon ak apatenans nan salklas, lekòl, ak kominate yo.



LEKÒL SEGONDÈ MIAMI NORTHWESTERN ONORE GAYAN MEDAY LÒ, ANSYEN ELÈV BRIANA ROLLINS

JOHNNIE M. D'CNY DALISI
Historical Archive



Ansyen lekòl Olenpyen Briana Rollins: Lekòl Segondè Miami Northwestern, ansanm ak kominate Miami-Dade la te onore li avèk yon jounen ki pote non li dèské li ranpòte meday lò nan kous 100 mèt "hurdles" (obstak) nan Olenpik Rio 2016 mwa pase a.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

5 oktòb	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
22 novanm	10:00 dimaten	Reyinyon Òganizasyon
23 novanm	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

DAT POU NOU SONJE

1ye oktòb -	Ouvèti Peryòd Aplikasyon Magnet
3 oktòb -	Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
12 oktòb -	Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
29 oktòb -	Fowòm ak Ekspozisyon ESE pou Fanmi

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall, Vis Chèmann

Susie V. Castillo

Doktè Lawrence S. Feldman

Doktè Wilbert "Tee" Holloway

Doktè Martin Karp

Lubby Navarro

Raquel A. Regalado

Doktè Marta Pérez Wurtz

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo

Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego

Ofisiye Anchèf Kominikasyon

